



Jurnal Review Pendidikan dan Pengajaran
<http://journal.universitaspahlawan.ac.id/index.php/jrpp>
 Volume 8 Nomor 4, 2025
 P-2655-710X e-ISSN 2655-6022

Submitted : 29/11/2025
Reviewed : 01/12/2025
Accepted : 01/12/2025
Published : 03/12/2025

Sri Hartanti¹
 Dwi Bambang
 Putut Setiyadi²
 Agus Yuliantoro³
 Hersulastuti⁴

ANALISIS KARAKTERISTIK MASYARAKAT JAWI ING KITAB BABAD TANAH JAWA ANGGITANIPUN SOEJIPTO ABIMANYU MINANGKA MATERI AJAR KAGEM PAMULANGAN BASA JAWI

Abstrak

Penelitian ini bertujuan untuk: (1) mengungkap dan mendeskripsikan nilai-nilai luhur masyarakat Jawa yang terdapat dalam buku Babad Tanah Jawi karya Soedjipto Abimanyu, serta (2) menyusun materi ajar berbasis nilai-nilai luhur tersebut untuk pengajaran bahasa Jawa di Sekolah Menengah Pertama (SMP). Penelitian ini menggunakan metode kualitatif dengan pendekatan deskriptif hermeneutik, yang berfokus pada interpretasi makna secara mendalam dan kontekstual tanpa melibatkan perhitungan statistik. Hasil penelitian menunjukkan bahwa Babad Tanah Jawi memuat berbagai nilai luhur seperti pandangan hidup masyarakat Jawa terhadap kehidupan dunia, konsep pahala dan dosa, hubungan manusia dengan Tuhan, dengan alam sekitar, serta dengan sesama manusia melalui konsep sedulur papat limo pancer dan nilai gotong royong. Berdasarkan hasil analisis kelayakan isi dan aspek linguistik, nilai-nilai luhur tersebut dinilai sangat relevan dan layak dijadikan materi ajar dalam pembelajaran bahasa Jawa di SMP. Melalui pengintegrasian nilai-nilai budaya ini, pembelajaran bahasa Jawa tidak hanya memperkaya kemampuan linguistik siswa, tetapi juga menanamkan karakter moral, etika, dan kearifan lokal yang menjadi identitas budaya bangsa.

Kata Kunci: Nilai luhur Jawa, Babad Tanah Jawi, Materi ajar

Abstract

This study aims to: (1) identify and describe the noble values of Javanese society found in Babad Tanah Jawi by Soedjipto Abimanyu, and (2) develop these values into teaching materials for Javanese language instruction at the junior high school level. The research employs a qualitative method with a descriptive hermeneutic approach that focuses on contextual and in-depth interpretation without statistical calculations. The findings indicate that Babad Tanah Jawi reflects various moral and cultural values, including the Javanese perspective on life, the concept of virtue and sin, human relationships with God, nature, and others through the concept of sedulur papat limo pancer and the spirit of gotong royong (mutual cooperation). Based on content and linguistic feasibility analysis, these values are highly suitable for use as teaching materials in Javanese language learning. Integrating these cultural values into education not only enhances students' linguistic competence but also fosters moral character, ethical awareness, and appreciation of local wisdom, thereby supporting the preservation of Javanese cultural identity.

Keywords: Javanese Noble Values, Babad Tanah Jawi, Teaching materials

PENDAHULUAN

Pulo Jawi minangka pusat peradaban lan kabudayan Nusantara, amargi saking pulo punika pisanan nyebar agami Islam lan dumunungipun kraton Islam sepisanan, inggih punika Kraton Demak (Abimanyu, 2013). Sanajan Pulo Jawi boten ageng kados pulo sanèsipun, nanging pulo punika gadhah peran wigati tumrap sajarah kamardikan Indonesia. Kajaba punika, Pulo Jawi ugi dados papan dumunungipun kutha krajan negara, saéngga maknanipun saya strategis minangka pusat pamréntahan lan budaya. Masyarakat Jawi misuwur kanthi watak alus, andhap asor, rukun, lan ngajèni liyan, ingkang kabèh punika minangka pralambang nilai luhur budaya Jawa.

^{1,2,3)} Program Studi Pendidikan Bahasa Magister Pendidikan, Universitas Widya Dharma Klaten
 email: arkenzatanty@gmail.com, dbputut@unwidha.ac.id, agusyuliantoro04@gmail.com,
 hersulastuti@unwidha.ac.id

Kabudayaan punika ngandhut piwulang urip, filosofi, lan tatakrama ingkang ngatur hubungan antarmanungsa, manungsa kaliyan alam, lan manungsa kaliyan Gusti. Saking punika, sinau bab kabudayaan Jawi dados prakara wigati kanggé njaga identitas lan jati diri bangsa.

Permasalahan ingkang kadadosan samenika yaiku degradasi budaya lan basa Jawi ing kalangan generasi enom. Kathah siswa SMP lan SMA ingkang kirang trampil ngginakaken basa Jawi kanthi unggah-ungguh basa, utaminipun ing tingkat krama inggil (Latifah, 2020). Basa lan budaya Jawi asring dipunanggep ketinggalan jaman lan dipunpersepsi minangka unsur klasik utawi mistik. Kahanan punika nyebabaken nilai luhur budaya Jawi saya luntur, boten malih dados pedoman tumrap gesang saben dinten. Nalika nilai-nilai punika boten dipunlestantunaken, generasi mudha saged kelangan identitas budaya lan karakter moralipun. Pramila, nguri-uri lan nguataken piwulang budaya Jawi ing sekolah dados kabutuhan wigati kang ora kena dipunlirwakaken.

Panaliten punika nguataken eksistensi nilai-nilai luhur budaya Jawi lumantar integrasi materi budaya ing pamulangan basa Jawi. Miturut Peraturan Menteri Pendidikan lan Kebudayaan Nomor 79 Tahun 2014, muatan lokal minangka sarana pangembangan kompetensi adhedhasar karakteristik daerah, kalebet budaya lan basa lokal. Pangajaran basa Jawi boten namung ngenalaken tata basa, nanging ugi dados sarana nglestantunaken kearifan lokal lan piwulang moral (Suyitno, 1999). Kanthi nyinaoni Babad Tanah Jawi, siswa saged mangertos sajarah, asal-usul, lan ajaran luhur para leluhuripun. Menawi nilai-nilai punika dipunlebokaken ing materi ajar, siswa saged ngembangaken rasa tresna marang budaya lan ngajèni tradisi. Mula, panaliten punika dirancang kanggé njawab kabutuhan pendhidhikan berbasis budaya Jawi.

Panaliten sadèrèngipun sampun kathah ngrembag nilai budaya lan pangajaran muatan lokal, nanging kathah ingkang dereng njlentrehaken sumber sastra klasik minangka bahan ajar. Panaliten Nidha Nur Latifah (2020) namung ngrembag panggunaan basa Jawi ing kalangan siswa tanpa nyambungaken naskah klasik. Kajaba punika, Arafik lan Rumidjan (2016) ngandharaken bilih basa Jawi saged dados sarana pambentukan karakter bangsa, nanging boten nyakup rekonstruksi nilai-nilai budaya adhedhasar karya sastra kuna. Amargi punika, perlu panaliten langkung jero ingkang ngrembag nilai-nilai luhur adhedhasar teks klasik Babad Tanah Jawi. Naskah punika ngemu piwulang urip, pandonga, lan filosofi moral ingkang selaras kaliyan karakter pendidikan nasional. Mula, eksplorasi saking teks punika dipunmangertosi saged maringi kontribusi akademis lan pedagogis.

Kebaruan panaliten punika wonten ing integrasi karya sastra klasik Babad Tanah Jawi dados bahan ajar basa Jawi tingkat SMP. Panaliten punika maringi perspektif anyar ngenani panggunaan naskah klasik minangka sumber nilai karakter lan etika budaya. Sanadyan Babad Tanah Jawi ngemot unsur mitos, isinipun ngandhut piwulang moral lan kabecikan ingkang tetep relevan tumrap generasi samenika (Abimanyu, 2013). Kajaba punika, metode pangajaran berbasis budaya lokal dipunrembag kanthi cara kontekstual, saéngga siswa saged mangertos makna nilai

luhur kanthi nyata. Kanthi mekaten, sinau basa Jawi boten namung teoritis, nanging ugi nguripake makna sosial lan budaya. Mula, panaliten punika dados alternatif pamulangan inovatif adhedhasar warisan budaya.

Fokus panaliten punika yaiku ngenali lan nganalisis nilai-nilai luhur masyarakat Jawi saking Babad Tanah Jawi anggitanipun Soedjipto Abimanyu. Nilai-nilai punika kalebet piwulang bekti, jujur, tanggung jawab, rukun, lan gotong royong, minangka ciri moral masyarakat Jawi (Lase, 2022). Kajaba punika, panaliten punika nyinaoni kados pundi nilai-nilai punika saged dipunadaptasi dados materi ajar basa Jawi kanggé siswa SMP. Analisis dipunlampahi kanthi metode deskriptif kualitatif kanthi pendekatan hermeneutik, supados saged nyinaoni makna simbolik teks adhedhasar konteks sosial lan budaya. Mula, fokus panaliten punika boten namung interpretatif, nanging ugi aplikatif tumrap pendidikan.

Tujuan panaliten punika yaiku (1) medharaken nilai-nilai luhur masyarakat Jawi saking Babad Tanah Jawi anggitanipun Soedjipto Abimanyu, lan (2) nyusun materi ajar basa Jawi adhedhasar nilai-nilai luhur punika kagem siswa SMP. Panaliten punika diarep-arep saged maringi kontribusi nyata tumrap pangembangan kurikulum muatan lokal lan pelestarian budaya Jawa. Materi ajar ingkang ngandhut nilai budaya Jawi saged njembatani antar generasi kanthi ngajèni warisan leluhur. Kajaba punika, panaliten punika saged dados referensi tumrap para guru basa Jawi ing nyusun bahan ajar kang nyenengake lan kontekstual. Kanthi mekaten, pamulangan basa Jawi boten namung nglestantunaken basa, nanging ugi ngrembakaaken karakter bangsa.

Pramila, panaliten punika ngugemi gegayuhan njaga kabudayan Jawi minangka warisan adiluhung bangsa Indonesia.

METODE

Jinis panaliten punika kalebet panaliten deskriptif kualitatif, ingkang tujuwané kanggo ngandharake kahanan nyata tanpa ngginakaken perhitungan statistik. Panaliten punika migunakaké pendekatan hermeneutik anti-dhasar, tegesipun analisis adhedhasar konteks lan makna simbolik, boten manut patokan umum. Tujuan utama panaliten iki yaiku njlentrehake nilai-nilai luhur masyarakat Jawa adhedhasar buku Babad Tanah Jawi karya Soedjipto Abimanyu, lajeng ngembangaké asilipun dados bahan ajar basa Jawa kanggé para siswa SMP. Data dipun- kumpulaké kanthi teknik studi pustaka, nyemak lan nyathet, saha lembar evaluasi formatif bahan ajar kang nyakup penilaian isi lan basa. Sumber utama panaliten iki yaiku teks Babad Tanah Jawi, ingkang dipun-analisis miturut indikator isi, basa, lan nilai moral. Sajroning proses analisis, panaliti nerapaké teknik deskriptif kualitatif interaktif, kalebu tahapan nglumpukaké, nglompokaké, nyuda, lan nyajikaké data kanggé narik dudutan utawi kesimpulan. Panaliten punika boten namung nerangaké isi teks, nanging ugi nyinaoni makna nilai-nilai luhur sing saged dipun-ginakaké minangka piwulangan moral lan kabudayan tumrap para siswa, supados saged nguri-uri lan nglestarèkaké budaya Jawa kanthi luwih becik.

HASIL DAN PEMBAHASAN

Hasil Penelitian

Masyarakat Jawi saking buku Babad Tanah Jawa anggitanipun Soedjipto Abimanyu.

Karakteristik Masyarakat Jawi

Pulau Jawa dipunhuni sekitar 180 juta jiwa utawa 55,89% saka total penduduk Indonesia (BPS, 2025), kanthi mayoritas suku Jawa sing nduwèni karakter khas lan luhur. Karakter wong Jawa kagambar saka simbol-simbol ringgit, kaya tokoh Pandawa lan Kurawa sing

nglambangake dualisme moral antarane kabecikan lan kalepatan. Wong Jawa dikenal alus, andhap asor, rukun, lan ngugemi filosofi “tiga nga”: ngalah, ngalih, lan ngamuk. Miturut Santosa ing Soedjipto Abimanyu (2013), wong Jawa nduwèni sipat alus basa, ngajèni, religius, setya, nrima, lan gemati marang sesami uga alam gaib. Kajaba iku, pitung filosofi Jawa kaya urip iku urup, memayu hayuning bawana, lan nrimo ing pandum nggambarake watak welas asih, kesederhanaan, lan rasa syukur sing jero. Watak iki ndadèkaké wong Jawa luwes lan gampang akrab karo sapa padha-padha, nanging tetep manut unggah-ungguh lan nilai moral. Sakabèhé unsur iki nggambarake yèn masyarakat Jawa ngugemi prinsip kabecikan, kerukunan, lan spiritualitas minangka dhasar tumindake ing gesang saben dina.

Budaya Jawi

Budaya Jawi boten saged kapisahaken saking filosofi lan budi pekerti ingkang ngemu ajaran luhur tumrap gesang manungsa. Miturut Abimanyu (2013) lan Supriyoko (2000), budi pekerti Jawi ngemot 12 unsur utama, antawisipun pengabdian, kejujuran, sopan santun, toleransi, disiplin, keikhlasan, tanggung jawab, guyub rukun, tepa slira, empan papan, tata krama, lan gotong royong. Nilai-nilai punika katingal wonten ing praktik kearifan lokal lan piwulang spiritual masyarakat Jawi babagan sesambetan kaliyan Gusti Allah, kaliyan sesami, lan kaliyan alam. Gesanging masyarakat Jawi ingkang akrab kaliyan alam, utaminipun ing bidang tetanen, perikanan, lan industri alit, nuwuhaken filosofi “sangkan paraning dumadi” menika, tegesipun sadaya dumadi asal lan tujuane mung dhumateng Gusti. Maneka upacara tradisional kados sekaten, grebeg, lan labuhan nggambaraken rasa syukur lan harmoni antawis manungsa lan alam. Sajeroning gesang sosial, masyarakat Jawi tansah ngugemi katentreman, ngendhani konflik, ngajeni liyan, lan tetep lentur ngadhèpi owah-owahan jaman. Karakter punika ndadèkaké wong Jawi religius, sopan, lan ngugemi toleransi dhateng sadaya piwulang lan kapitadosan.

Nilai-nilai luhur masyarakat Jawi saking buku Babad Tanah Jawa anggitanipun Soedjipto Abimanyu

Perspektif masyarakat Jawi bab gesang donya

Pandangan masyarakat Jawi ngenani makna gesang manungsa dipunandharaken kanthi realistis lan filosofis, ingkang nyariyosaken yèn urip menika namung kados “mampir ngombe” sekadar mampir sakedhap sadèrèngipun lumampah malih dhateng alam langgeng. Manungsa

dipunanggep minangka titipan Gusti, amargi raga punika namung ampilan, déné ruh asalé saking Gusti Allah lan kedah wangsul kanthi suci. Pandhangan punika nglairaken kesadaran moral bilih saben tumindak gadhah akibat, kados ing unen-unen “ngundhuh wohing pakarti,” tegesipun saben tindak becik bakal ngasilaken kabecikan, lan tumindak awon bakal mbeta akibat ala. Masyarakat Jawi mulangaken tanggung jawab spiritual marang diri lan Gusti, amargi gesang dipunanggep minangka ujian kang kudu dilakoni kanthi eling lan waspada. Kanthi mangkono, filsafat gesang Jawi nyengkuyung manungsa supados tansah ngudi kabecikan, njagi kesucian batin, lan urip selaras kaliyan pepesthen Ilahi.

Perspektif masyarakat Jawi bab pahala, dosa, kesaenan lan keburukan.

Pahala, dosa, kesaenan lan keburukan inggih menika sekawan bab ingkang sami-sami gadhah kerjasami lan hukum amargi akibat, pramila masyarakat Jawi mboten nate ngetang pahala ingkang badhe dipuntampinipun, lan masyarakat Jawi nggadhahi tingkat kesadaran menawi kebaikan-kebaikan ingkang dipuntindakaken sanes dilandasi dening raos ajrih utawi intimidasi dosa, ananging kesadaran kosmik menawi saben tindakan nggih dhateng sesami inggih menika sikap adil lan sae dhateng dhiri piyambak. Kesaenan kita dhateng sesami inggih menika kebetahan lan saben kesaenan badhe malih dhateng dhiri kita piyambak. Malah setunggal kesaenan badhe malih dhateng dhiri kita berlipat ganda.

Perspektif masyarakat Jawi kaliyan Tuhan

Konsep Tuhan nyakup konsep sinten ingkang dipunsembah (sesembahan) lan sinten ingkang menyembah (panembah), miterat Prof. Purbacaraka lan termaktub lebet ing kitab Tantu Panggelaran, konsep awal Tuhan Jawi inggih menika tunggal utawi esa, inggih menika sang hyang tunggal/sang hyang wenang ingkang inggih menika konsep transenden (diluar kesagahan manungsa), imanen (wonten lebet kesadaran utawi akal budi) lan esa. Konsep ketuhanan masyarakat Jawi paling sakedhik ngandhut tigang bab, pertami, kita saged gesang amargi wonten ingkang menghidupi, lan ingkang maringi gesang saha nggesangaken kita inggih menika Gusti Kkang Murbeng Dumadi utawi Tuhan ingkang Maha Esa. kaping kalih, kedahipun lebet ing gesang menika kita kedah cepengan ing raos lan pangrasa lan ingkang kaping tiga sampun remen meksakaken kersa dhateng tiyang tiyang sanes.

Perspektif Masyarakat Jawi kaliyan Alam

Masyarakat Jawi tepang tigang macem alam ingkang dipuntepang kaliyan istilah purwa, madya lan wasana utawi alam fana, alam gaib lan alam tengga. Alam fana dipunpanggeni dening manungsa, kewan, tumbuh-tumbuhan lan makhluk gesang sanesipun. Wondene alam gaib dipunpanggeni dening jin lan roh. Roh ingkang dipunmaksud wonten ngriki inggih menika roh manungsa ingkang nalika gesangipun celak/caket sanget kaliyan Tuhan mila dipunanugerahi elmi lan ngilminipun saha dipunparingi kesempatan kangge terus saged ngamalaken ilmupun dumugi dinten kiamat. Dene alam tengga dipunpanggeni dening arwah manungsa ingkang tenteram kangge ngentosi duginipun dinten kiamat.

Perspektif Masyarakat Jawi kaliyan Sedulur Papat Lima Pancer

Konsep Sedulur Papat Lima Pancer minangka ajaran spiritual lan filsafat gesang masyarakat Jawi ingkang njlentrehaken yèn manungsa iku ora urip piyambakan, nanging tansah kaiket kaliyan unsur-unsur gaib lan alam semesta. Sedulur papat — raka kawah (ketuban), getih (rah), ari-ari (plasenta), lan tali puser — dipunmangertosi minangka makhluk alus pamomong sing ngancani wiwit lair, déné pancer nggambaraken dhiri sejati manungsa minangka pusat kesadaran. Ajaran punika ngemu makna keseimbangan antarane raga lan jiwa, uga ngajari manungsa ngendhaleni hawa nafsu: amarah, supiyah, aluamah, lan mutmainah. Nalika pancer saged njaga ketenangan lan kesucian, manungsa bisa ngrasakake harmoni batin lan kedekatan karo Gusti. Filsafat iki ora namung ngemot unsur spiritual nanging uga sosial, amargi ngelingake manungsa supaya tetep nyawiji karo alam, ngreksa keselarasan, lan ngajeni saben anugerah ciptaan. Mula, Sedulur Papat Lima Pancer dados tuntunan moral lan spiritual kang nyengkuyung gesang seimbang, tentrem, lan mawas dhiri miturut piwulang leluhur Jawi.

Nilai kearifan lebet gotong-royong

Gotong royong minangka salah satunggaling nilai kearifan lokal bangsa Indonesia ingkang nglambangake rasa solidaritas sosial lan kekancan ing antarane warga masyarakat. Tradisi iki katingal ing manéka warna aktivitas, kados tulung-tinulung nalika wonten pesta, khitanan, musibah, kapejahan, lan kerja bareng nggarap proyek umum (gugur gunung). Sifat utama saka gotong royong yaiku kerelaan tumindak tanpa pamrih demi kepentingan

bebarengan. Sanadyan arus globalisasi nggawa pangowahan lan pergeseran nilai budaya, semangat gotong royong tetep dadi ciri khas lan kekuatan moral masyarakat Indonesia. Ajaran iki ngandhut nilai-nilai edukatif kados rasa kebersamaan, tanggel jawab sosial, toleransi, lan persatuan, minangka wujud nyata saka sila katelu Pancasila, “Persatuan Indonesia.” Ing pangerten sosial-budaya, gotong royong dipunmangertosi minangka bentuk kerja bareng kanthi kesepakatan lan tanpa pamrih, kangge nggayuh tujuan umum. Miturut Koentjaraningrat, wonten kalih wujud utama gotong royong, yaiku tulung-tinulung lan gugur gunung, kaloroné nglambangake roh kebersamaan lan kepedulian sosial sing wis ngakar jero ing budaya bangsa. Pramila, gotong royong perlu dijaga lan dipraktèkaké kanthi lestari supaya tetep dadi pancer watak lan identitas masyarakat Indonesia.

Nyusun materi piwulangan nilai-nilai luhur masyarakat Jawi saking buku Babad Tanah Jawa anggitanipun Soedjipto Abimanyu minangka materi wucal kagem pamulangan basa Jawi ing pawiyatan SMP.

Komponen kelayakan isi nyakup, antawis sanes :

Babad Tanah Jawa anggitanipun Soedjipto Abimanyu minangka sumber sinau ingkang sugih nilai-nilai luhur masyarakat Jawi, kados religiusitas, etika, moralitas, sosial, lan kepemimpinan. Crios-criyosipun nyariyosaken perpaduan sejarah, mitologi, lan legenda ingkang nyemakaken ajaran luhur kados andhap asor, bekti, tanggel jawab, kesatria, rukun, lan gotong royong. Saliyane, nilai-nilai spiritual kados kepitadosan dhateng Gusti lan pentingipun tapa brata ngemu piwulang bab keseimbangan lahir batin. Babad menika ugi mucalaken kepemimpinan adiluhung, ingkang adil, bijaksana, lan ngugemi kesejahteraan rakyat. Sanadyan ora saged dipuntampi minangka fakta sejarah murni, Babad Tanah Jawa gadhah fungsi edukatif luhur minangka bahan wucal kang nyinaoni budaya, karakter, lan sejarah bangsa. Kanthi nglebetaken nilai-nilai punika, siswa saged ngembangaken budi pekerti, rasa tresna dhateng budaya lokal, lan kemampuan mikir kritis ngenani moralitas lan kearifan tradisional Jawi ing konteks gesang modern.

Komponen kebahasaan antawis sanes nyakup :

Babad Tanah Jawa anggitanipun Soedjipto Abimanyu minangka sumber bahan wucal basa Jawi ingkang sugih nilai-nilai luhur lan trep kagem pawiyatan SMP. Saking segi kebahasaan, teks punika nduwèni tingkat keterbacaan ingkang sae amargi wis diadaptasi dhateng basa Indonesia modern tanpa ninggalaké makna budaya Jawi, saéngga gampang dipunpahami siswa. Narasi sejarah, mitologi, lan legenda dipunatur kanthi struktur tematik cetha lan informasi jelas, nyukani piwulang bab kepemimpinan, moralitas, kesetiaan, lan spiritualitas. Saking segi kaidah basa Jawi, karya punika saged dipunagem minangka sarana sinau undha-usuk basa, gaya tembung, lan pepindhan tradisional, ngrembakaaken kaprigelan basa lan kawruh budaya siswa. Kajaba punika, pangageman basa ingkang efektif lan efisien katingal saking cara tokoh-tokoh komunikasi kanthi sopan, andhap asor, lan njaga harmoni sosial, saéngga mujudaké piwulang etika komunikasi Jawi. Kanthi nglebetaken teks punika, siswa boten namung sinau basa lan sastra, nanging ugi nilai moral, sosial, lan spiritual masyarakat Jawi kanthi cara interaktif lan kontekstual.

Pembahasan

Masyarakat Jawi saking buku Babad Tanah Jawa anggitanipun Soedjipto Abimanyu Karakter tiyang Jawi miturut Bambang Pranowo (2011) saged dipunmangertosi saking donya ringgit ingkang nyimbolaken pandangan moral lan dhasar etika gesang masyarakat Jawi. Ringgit dados cerminan pluralisme moral, ing pundi karakter Pandawa lan Kurawa nggambaraken dualitas becik lan awon ing diri manungsa. Pandawa nggambaraken kabecikan, kesetiaan, lan keikhlasan, dene Kurawa nggambaraken hawa nafsu, keserakahan, lan ambisi tanpa batas. Tiyang Jawi nganggep ringgit minangka piwulang urip, amargi saben karakter nggambaraken ajaran moral kang nyengkuyung keseimbangan batin. Pranowo (2011) nerangaken bilih tiyang Jawi kagungan filosofi “telu nga”, yaiku ngalah, ngalih, lan ngamuk, minangka strategi sosial kanggo njaga harmoni lan nyegah benturan antarpribadi. Tiyang Jawi dipunkenal alus, akomodatif, lan luwih seneng ngupadi kerukunan tinimbang konflik. Kajaba punika, Miterat Santosa (2011) nambahaken bilih karakter tiyang Jawi ngemot watak alus, religius, sabar, setya, lan ngurmati unggah-ungguh, kanthi kecenderungan komunikasi alus, ora langsung, nanging jero maknané minangka cerminan tenggang rasa lan olah batos.

Budaya Jawi, kados dipunandharaken déning Supriyoko (2000), mboten saged

dipunpisahaken saking budi pekerti luhur ingkang nyakup nilai-nilai universal kados jujur, sopan santun, tanggel jawab, tepa slira, empan papan, lan gotong royong. Nilai-nilai punika dados pandhu tumrap sesambetan tiyang Jawi kaliyan Gusti Allah, kaliyan sesami, saha kaliyan alam semesta. Masyarakat Jawi ngupadi keseimbangan lan ketentraman urip kanthi cara ngendhaleni hawa nafsu lan njaga harmoni kaliyan lingkungan. Ing ajaran sangkan paraning dumadi, manungsa dipunanggep minangka bagian saking tatanan kosmos ingkang kedah lumaku selaras kaliyan hukum alam lan kersaning Gusti. Mula, konflik lan kekerasan dipunendhani, digantos kaliyan cara alus, sabar, lan andhap asor kang nggambaraken budi luhur bangsa. Gesang sosial masyarakat Jawi ugi dipunilhami déning alam ingkang paring piwulang bab kesabaran lan keseimbangan. Tiyang Jawi kagungan keluwasan lan kabikaken dhateng budaya anyar, nanging tetep nglestarèkaké akar spiritual lan moralé minangka jati diri budaya luhur Nusantara

Nilai-nilai luhur masyarakat Jawi saking buku Babad Tanah Jawa anggitanipun Soedjipto Abimanyu

Nilai-nilai luhur ingkang katingal wonten ing masyarakat Jawi nggambaraken kedalaman filosofi lan pandangan urip ingkang adhedhasar keseimbangan antarane manungsa, alam, lan Gusti. Ing pandangan masyarakat Jawi, gesang manungsa wonten ing donya menika namung sementara, ibarat “mampir ngombe”, dados saben tindakan kedah diatur kanthi bijaksana lan sadar akibat, kados piwulang “ngundhuh wohing pakarti” sapa nandur becik bakal ngundhuh kabecikan, lan kosok balene (Pranowo, 2011). Nilai moral masyarakat Jawi ugi ngemu pandangan bilih kabecikan tumindak dudu amargi wedi dhateng dosa, nanging minangka wujud kesadaran spiritual bilih saben tindakan sae marang sesami sejatiné nglantaraken kesejahteraan batin dhiri piyambak. Konsep ketuhanan masyarakat Jawi, kados dipunandharaken déning Purbacaraka, nyakup paham Sang Hyang Tunggal utawi Sang Hyang Wenang minangka sumber kesadaran lan kawelasan universal. Kajaba punika, masyarakat Jawi ngemu pamanggih bilih alam kapérang dados tigang dimensi: purwa (awal), madya (tengah), lan wasana (pungkasan), ingkang nggambaraken tatanan kosmis antarané alam fana, alam gaib, lan alam tenggah minangka ruang keseimbangan spiritual. Saben dimensi punika nyengkuyung piwulang supaya manungsa eling marang asal lan tujuwaning urip, yaiku manunggaling kawula lan Gusti. Pandangan-pandangan punika mujudaken pondasi moral kang ndasari cara berpikir lan tumindak masyarakat Jawi ing saben aspek gesangipun.

Salah satunggaling konsep spiritual paling wigati ing budaya Jawi yaiku Sedulur Papat Lima Pancer, ingkang nggambaraken keseimbangan batin lan hubungan manungsa kaliyan unsur gaib (Supriyoko, 2000). Sedulur papat nggambaraken kawah, rah, ari-ari, lan tali puser minangka simbol penjaga jiwa wiwit lair, dene pancer minangka diri sejati ingkang nglantaraken kesadaran manungsa. Konsep menika ngajari supaya saben individu saged ngendhaleni hawa nafsu, nggayuh ketentraman batin, lan ngupadi kesempurnaan rohani. Masyarakat Jawi nganggep ajaran iki minangka wujud pakurmatan dhateng leluhur lan pangeling supaya tansah gesang selaras kaliyan alam lan Gusti. Kajaba punika, nilai gotong royong minangka kearifan sosial bangsa Indonesia ugi dados unsur dhasar ing budaya Jawi (Koentjaraningrat, 1987). Gotong royong dipunwujudaken ing bentuk gugur gunung, tulung-tinulung, lan kerja sami tanpa pamrih kanggo kabutuhan bebarengan, minangka lambang solidaritas lan kesadaran sosial ingkang kiyat. Sanajan globalisasi ndadosaken pergeseran nilai, semangat gotong royong dipunajeng-ajeng tetep lestari minangka cerminan persatuan lan kebersamaan bangsa. Nilai punika boten namung warisan budaya, nanging ugi sistem etika sosial ingkang nguataken identitas lan karakter masyarakat Nusantara.

Nilai-nilai luhur masyarakat Jawi saking buku Babad Tanah Jawa anggitanipun Soedjipto Abimanyu minangka materi wucal kagem pamulangan

Penyusunan materi nilai-nilai luhur masyarakat Jawi adhedhasar buku Babad Tanah Jawa anggitanipun Soedjipto Abimanyu minangka bahan ajar basa Jawi ing tingkat SMP punika mujudaken usaha strategis kangge nggabungaken piwulang budaya, moral, lan karakter bangsa (Abimanyu, 2010). Ing komponen kelayakan isi, buku punika nyakup nilai-nilai luhur masyarakat Jawi kados religiusitas, kesetiaan, kejujuran, lan gotong royong, ingkang saged dipunintegrasikaken kaliyan tuntutan Kurikulum Nasional. Materi punika boten namung nambah wawasan siswa babagan budaya Jawi, nanging ugi nglebetaken piwulang moral lan spiritual sing nyengkuyung pendidikan karakter. Kajaba punika, teks Babad Tanah Jawa ngemu

piwulang kepemimpinan berbudi luhur (hasta brata) lan nilai perjuangan, ingkang nglatih siswa mangertos makna tanggel jawab lan integritas. Ing konteks piwulangan, buku punika saged dipunginakaken minangka bahan diskusi, analisis criyos, lan proyek budaya sing maringi ruang siswa kangge sinau kritis lan reflektif. Nanging, guru kedah nyinau kanthi teliti, amargi Babad Tanah Jawa ngemot unsur sejarah lan mitologi sing kudu dijlentrehake kanthi bijak supados ora keliru tafsir. Kanthi mekaten, buku punika saged njembatani antara pendidikan formal lan kearifan lokal, nyiptakake piwulangan sing bermakna lan kontekstual tumrap siswa Jawi modern.

Saking komponen kebahasaan, Babad Tanah Jawa versi Soedjipto Abimanyu gadhah tingkat keterbacaan ingkang sae amargi wis dipunadaptasi ing basa Indonesia modern nanging isih njaga roh lan estetika basa Jawi klasik (Koentjaraningrat, 1987). Struktur narasi sing ngandhut unsur sejarah lan legenda nyiptakake alur wacana sing menarik lan edukatif. Kajelasan informasi ing teks punika katon cetha lumantar panggambaran karakter, piwulang moral, lan etika masyarakat Jawi sing ngemu makna universal. Kesesuaianipun kaliyan kaidah basa Jawi ugi wigati, amargi buku punika nuduhake panganggé undha-usuk basa, gaya tembung, lan subasita sing luhur. Saka aspek pangageman basa, Babad Tanah Jawa paring tuladha komunikasi sing efektif lan efisien: saben tembung ngemot etika, keselarasan, lan andhap asor. Nilai-nilai kasebut saged dipunajarke kanthi metode kreatif, kados dolanan peran, analisis teks, lan nyerat naratif, supados siswa boten namung sinau struktur basa nanging ugi rasa estetis lan adab Jawi. Mula, karya punika saged dipunsebat minangka pirantos edukatif kang nyawijikake basa, budaya, lan budi pekerti, nglestarekake warisan luhur masyarakat Jawi kanthi cara sing relevan ing jaman modern.

UCAPAN TERIMA KASIH

Panulih ngaturaken panuwun dhumateng dosen pambimbing ingkang sampun paring bimbingan lan pituduh salebeting proses panaliten punika. Panuwun ingkang sami ugi kapuntujokaken dhumateng responden ingkang maringi andil ingkang wigati tumrap kelancaran saha kasuksesan panaliten punika.

SIMPULAN

Adhedhasar asil panaliten, saged kacimpun menawi nilai-nilai luhur masyarakat Jawi saking Babad Tanah Jawa anggitanipun Soedjipto Abimanyu ngemot piwulang moral, spiritual, lan sosial ingkang wigatos tumrap pangembangan karakter siswa. Nilai-nilai kados keselarasan urip, tanggel jawab moral, kesadaran spiritual, gotong royong, lan andhap asor saged dipunlestantunaken minangka pondasi pendidikan karakter ing sekolah. Buku punika ugi cocog dados bahan ajar basa Jawi amargi ngandhut isi kebudayaan, filosofi urip, lan estetika basa ingkang luhur, selaras kaliyan standar kompetensi kurikulum nasional. Kanthi integrasi nilai-nilai punika, siswa saged sinau ngraosake makna urip, ngormati sesami, lan tresna dhateng budaya lokal. Saranipun, guru lan penyusun kurikulum prayoga ngembangaken materi berbasis Babad Tanah Jawa kanthi pendekatan kontekstual, diskusi kritis, lan kegiatan kreatif, supados piwulang budaya Jawi boten namung dipuntampi minangka warisan, nanging dados laku urip nyata kang ngukuhaken identitas bangsa lan moral generasi enom.

DAFTAR PUSTAKA

- Abimanyu, S. (2013). *Babad Tanah Jawi Terlengkap dan Terasli*. Yogyakarta: Laksana.
- Ahmad Khalil. (2008). *Islam Jawi: Sufisme dalam Etika dan Tradisi Jawi*. Malang: UIN-Malang Press.
- Arafik, M., & Rumidjan, R. (2017). Profil Pembelajaran Unggah-ungguh Bahasa Jawi di Sekolah Dasar. *Sekolah Dasar: Kajian Teori dan Praktik Pendidikan*, 25(1), 55–61.
- Astuti, R. D., & Widayati, S. (2019). Integrasi Nilai-nilai Budaya Jawa dalam Pembelajaran Bahasa Jawa untuk Penguatan Karakter Siswa. *Jurnal Pendidikan Karakter*, 9(2), 213–225.
- Basuki, A., & Purnomo, D. (2021). Revitalisasi Nilai-nilai Kearifan Lokal dalam Pendidikan Multikultural. *Jurnal Ilmu Pendidikan dan Kebudayaan*, 29(3), 185–197.
- BPS. (2024). *Badan Pusat Statistik 2025*. Jakarta: Badan Pusat Statistik.
- Endraswara, S. (2016). *Falsafah Hidup Orang Jawa: Menggali Kebijakan dari Intisari*

- Kehidupan. Yogyakarta: Narasi.
- Hidayat, A., & Widodo, S. (2018). Internalisasi Nilai-nilai Luhur Budaya Lokal dalam Pendidikan Karakter. *Jurnal Pendidikan dan Kebudayaan*, 3(1), 44–56.
- Koentjaraningrat. (1985). *Kebudayaan, Mentalitas, dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.
- Latifah, N. N. (2020). Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa Jawa dalam Pelaksanaan Kurikulum 2013 di SDN Sambiroto 01 Semarang. *Jurnal Pendidikan*, 10(1), 149–158.
- Munandar, A. (2020). Nilai-nilai Pendidikan Karakter dalam Tradisi Lisan Jawa. *Jurnal Bahasa, Sastra, dan Budaya*, 14(2), 87–98.
- Pranowo, B. (2011). *Nilai dan Pandangan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: LKiS.
- Pujiono, S., & Nuraini, R. (2019). Nilai-nilai Kearifan Lokal dalam Karya Sastra Jawa dan Relevansinya terhadap Pendidikan Karakter. *Jurnal Pendidikan Bahasa dan Sastra*, 19(1), 1–13.
- Rahmawati, D., & Cahyono, A. (2022). Penguatan Pendidikan Karakter Melalui Pembelajaran Berbasis Budaya Lokal di Sekolah Menengah Pertama. *Jurnal Inovasi Pendidikan Karakter*, 7(1), 66–79.
- Santosa, W. H. (2012). Nilai-nilai Kepriyayian Jawa dalam Novel-novel Para Priyayi, Canting, dan Gadis Tangsi: Kajian Budaya, Ideologi, dan Sosiopragmatika. *Jurnal Pengajian Melayu (JOMAS)*.
- Supriyoko. (2000). *Filsafat Hidup Orang Jawa dan Pendidikan Budi Pekerti*. Yogyakarta: UNY Press.
- Suyitno, S., & Utami, H. R. (2016). Relevansi Tema Kurikulum 2013 Sekolah Dasar Muatan Lokal Nasional. *Malih Peddas (Majalah Ilmiah Pendidikan Dasar)*, 6(2).
- Wulandari, A. P., & Handayani, R. (2023). Eksplorasi Nilai-nilai Luhur dalam Sastra Jawa sebagai Upaya Pelestarian Budaya Lokal di Era Globalisasi. *Jurnal Humaniora dan Budaya Nusantara*, 5(2), 121–135.
- Yuliana, D., & Sari, M. R. (2021). Revitalisasi Pembelajaran Bahasa Jawa sebagai Media Penanaman Karakter Sopan Santun pada Siswa. *Jurnal Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah*, 9(1), 45–56.